

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dongéng téh mangrupa karya sastra wangun prosa heubeul anu sumebar di masarakat. Ngan lamun nilik kondisi kiwari, beuki saeutik masarakat anu mikawanoh dongéng ti lemburna sorangan. Kitu ogé, sakumaha nu kaalaman ku masarakat di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat. Upama ditilik deui, di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat can aya sumber tinulis ngeunaan dongéng. Ku kituna loba masarakat anu teu wanoh kana dongéng di éta lembur. Lolobana masarakat téh leuwih apal kana dongéng ti lembur séjén atawa dongéng ti luar negeri ti batan dongéng ti lembur sorangan. Kitu ogé di sakola-sakola di wewengkon Kacamatan Ngamprah boh jenjang SD, SMP, atawa SMA anu masih kénéh ngagunakeun dongéng ti wewengkon séjén dina kagiatan pangajaranana.

Dua puluh taun ka tukang mah dongéng téh sok ditepikeun ku indung atawa ku kolot nalika mépéndé budakna. Kaayeunakeun, éta kabiasaan téh geus ngurangan. Dongéng tur sastra lisan téh geus ampir leungit, komo dibarengan ku kamekaran jaman dimana téhnologi geus teu bisa leupas tina kahirupan sapopoé manusa. Éta hal téh dipangaruhan ku ayana éra disrupsi. Nurutkeun Luyu jeung éta hal, Fakhrurozi spk. (2021, kc. 29) nyébutkeun yén masarakat utamana nonoman, kiwari mah geus teu kairut kana sastra lisan, tapi leuwih kairut kana hiburan séjén anu disadiakeun ku produk-produk téhnologi jeung digital

Upama nilik kana fungsina, Danandjaja (2007, kc. 83) nétélakeun yén dongéng téh miboga fungsi utamana pikeun hiburan, ogé pikeun nepikeun bebeneran, atikan (moral), atawa bisa jadi sindiran. Mangpaat dongéng tangtuna réa ogé. Dina kagiatan pangajaran di sakola upamana, dongéng téh bisa dijadikeun métode anu éféktif pikeun nepikeun pesen moral. Lian ti éta, ku cara ngadongéng, kagiatan pangajaran téh moal matak pikaboseneun. Hendri (2013, kc. 47-56) nétélakeun yén dongéng téh bisa ngasah uteuk beulah

katuhu dimana ieu bagean uteuk téh miboga peran dina kréativitas jeung imajinasi, sarta bisa jadi alat komunikasi anu éféktif antara guru jeung siswana atawa antara kolot jeung budakna. Lian ti éta, dongéng ogé bisa nyiptakeun karakter nu hadé dina diri siswa. Luyu jeung éta hal, Rukiyah (2018, kc. 5) ogé nyebutkeun yén dongéng mangrupa salah sahiji cara anu éféktif pikeun mekarkeun aspék-aspék kognitif (pangaweruh), aféktif (rasa), sosial, jeung aspék konatif. Nilik kana éta mangpaat, bisa dicindekkeun yén ayana sastra lisan kaasup dongéng téh kawilang penting pisan pikeun masarakat minangka warisan budaya karuhun tur pikeun kapentingan kagiatan pangajaran. Ku kituna sangkan sastra lisan teu gancang leungit, perlu ayana invéntarisasi ku cara ngumpulkeun karya sastra lisan anu sumebar di masarakat.

Dina ieu panalungtikan anu baris dianalisis nyaéta ngéunaan unsur-unsur struktural jeung ajén atikan karakter anu nyangkaruk dina dongéng-dongéng nu kapanggih di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat. Nganalisis struktural dina hiji karya sastra téh kawilang penting, sabab hiji karya sastra mibanda unsur-unsur anu jadi pangwangun éta karya sastra. Nurgiyantoro (2015, kc. 58) nétélakeun yén ayana struktur anu nyababkeun téks jadi leuwih miboga ma'na, jadi asup akal, jadi logis, tur jadi leuwih bisa dipipaham. Ku kituna, dianalisisna struktur dina ieu panalungtikan téh sangkan dongéng-dongéng nu kapanggih bisa leuwih dipipaham ma'nana.

Anapon ajén atikan karakter miboga kalungguhan anu penting ogé, sabab salaku pendidik lain ngan saukur miboga tanggung jawab ngajadikeun siswa anu unggul dina élmu pangaweruh jeung téhnologi tapi ogé dina ngawangun karakter jeung kapribadianana. Contona ajén atikan karakter tanggung jawab dina dongéng sasakala Gunung Tampomas. Éta dongeng nyaritakeun hiji karajaan nyaéta Sumedang Larang anu dipingpin hiji raja nu anom kénéh, towéksa, adil, tur wijaksana. Karakter tanggung jawab ditémbongkeun ku Raja Sumedang nalika dina hiji waktu, gunung nu aya di ieu karajaan rék bitu. Salaku pamingpin, Raja ngarasa miboga tanggung jawab pikeun nyalametkeun rahayatna tina gunung bitu. Sabab, gunung bitu téh bakal ngabalukarkeun lobana korban tur ruksakna alam. Tungtungna, raja mangkat ka gunung anu sakitu jangkung jeung panasna tuluy ngorbankeun keris ti karuhunna pikeun

ngaeureunkeun gunung nu rék bitu. Tina éta dongéng, siswa bisa nyangking hiji karakter nu ditunjukeun ku palaku nyaéta karakter tanggung jawab téa.

Ayana amanat nu nyangkaruk dina karya sastra sok dipatalikeun jeung fungsi sastra minangka pangwangun karakter pamacana utamana dina kagiatan pangajaran sastra, anu dina ieu hal utamana dongéng. Dongéng téh mibanda fungsi salaku objék hiburan pikeun masarakat réa turta ogé bisa dijadikeun pieunteungeun dina kahirupan sapopoé manusa utamana dongéng-dongéng anu ngandung ajén-ajén moral di jerona. Contona dina dongéng Jonggrang Kalapitung. Dongéng sasakala ti Kabupatén Purwakarta ieu téh nyaritakeun Jonggrang Kalapitung anu mangrupa hiji lelembut titisan siluman anu awakna jangkung badag tanding gunung sarta kulitna hideung. Miboga pasipatan anu gedé ambek, teu sabar, ogé tukang nitah batur. Dina tungtung carita, Jonggrang Kalapitung cilaka ku pamolahna sorangan. Bakat ku lapar manéhna ngadahar jéngkol anu sakitu lobana nepi ka jéngkoleun. Tina éta dongéng bisa jadi pieunteungeun yén jadi jalma téh ulah sok sarakah jeung teu sabar. Dongéng Jonggrang Kalapitung téh mangrupa salah sahiji conto dongéng anu ngandung unsur moral di jerona. Luyu jeung nu ditepikeun ku Nurgiyantoro (2015, kc. 434) yén téks sastra ngandung unsur moral jeung ajén-ajén nu bisa dijadikeun bahan baku atikan jeung pangwangun karakter.

Invéntarisasi dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat téh mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngumpulkeun dongéng-dongéng anu aya di ieu lembur, sangkan éta dongéng-dongéng teu leungit tur bisa dipikawanoh ku masarakatna. Di Kacamatan Ngamprah, dongéng téh bisa jadi aya kana puluhanana. Upama nilik kana ngaran lembur nu aya di ieu kacamatan, dongéng téh geus katempo lobana, sabab tiap ngaran lembur biasana aya dongéngna. Lian ti éta, hiji dongéng ogé biasana miboga vérsi anu béda gumantung saha nu nyaritakeunana. Saupama ditalungtik, dongéng-dongéng anu dikumpulkeun téh bisa dilarapkeun minangka alternatif pikeun bahan pangajaran maca, sangkan bisa ngeuyeuban pangajaran ngeunaan dongéng hususna dina mata pangajaran Basa Sunda di sakola-sakola nu aya di wewengkon Ngamprah. Éta hal téh luyu jeung KIKD mata pangajaran basa Sunda kelas VII nyaéta *3.5 Mengidentifikasi struktur, fungsi sosial, aspek*

kebahasan, dan nilai-nilai kehidupan yang terkandung dalam dongeng. Pikeun ngahontal éta KD tangtu kudu aya bahan ajar nu dina ieu hal mangrupa téks dongéng minangka bahan bacaeun siswa.

Panalungtikan anu ngarojong nyaéta *Struktur dan Nilai-Nilai Pendidikan Dalam Cerita Rakyat Kabupaten Tanah Datar Provinsi Sumatera Barat* anu dilaksanakeun ku Gusnetti spk. (2015). Eusina medar ngeunaan dongéng atawa cerita rakyat di Kabupatén Tanah Datar anu satuluyna dianalisis dumasar struktur jeung ajén atikanana. Panalungtikan séjén anu ngarojong nyaéta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Khotami Nusa'ah (2016) anu judulna *Cerita Rakyat di Kabupaten Banjarnegara*. Éta panalungtikan téh mangrupa invéntarisasi cerita rakyat nu aya di Kabupatén Banjarnegara. Eusina medar ngeunaan léngkah-léngkah dina ngainvéntarisasi jeung hasil tina invéntarisasi dongéng nu aya di Kabupatén Banjarnegara anu satuluyna didokuméntasikeun dina wangun tinulis.

Invéntarisasi dongéng téh kungsi dilakukeun ku sababaraha panalungtik. Diantarana panalungtikan anu dilakukeun ku Habli Rohmat Hadid (2012) anu miboga judul “Invéntarisasi Dongéng di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP” sarta panalungtikan anu dilakukeun ku An-nisa Nur Maulida (2014) anu judulna “Inventarisasi Dongéng Jurig di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi Pikeun bahan Pangajaran Maca di SMP”.

Tina éta dua panalungtikan téh tangtu aya sasaruuan sarta bébédaan jeung ieu panalungtikan. Sasaruuan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua ngumpulkeun dongéng sarta dianalisis ngagunakeun ulikan struktural. Bédana dina ieu panalungtikan mah baris dianalisis ajén atikan karakterna. Lian ti éta dina panalungtikan Habli Rohmat Hadid (2012), dongéng anu dikumpulkeun téh digunakeun pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun. Dina ieu panalungtikan mah dongéng anu dikumpulkeun téh satuluyna digunakeun pikeun bahan pangajaran maca. Tuluy bédana jeung panalungtikan An-nisa Nur Maulida (2014), dina éta panalungtikan mah anu dikumpulkeun téh mung saukur dongéng anu jenisna dongéng jurig atawa dongéng anu patali jeung mahluk lemes. Ari dina ieu panalungtikan mah teu diwatesan ku jenis.

Panalungtikan dongéng-dongéng di Kacamatan Ngamprah téh can pernah dilakukeun sateuacanna. Kukituna, kagiatan invéntarisasi dongéng kalayan judul “Dongéng-dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan Karakter)” téh perlu dilakukeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Tina kasang tukang anu geus dijéntrékeun di luhur, masalah anu diidéntifikasi nyaéta dongéng-dongéng anu can kapaluruh di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat sarta kumaha cara dina ngamangpaatkeun éta dongéng pikeun bahan ajar dina maca dongéng di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

- 1) Dongéng naon waé anu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat?
- 2) Kumaha struktur dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat?
- 3) Kumaha ajén atikan karakter dina dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat?
- 4) Kumaha ngararancang bahan pangajaran maca dongéng dumasar kana panalungtikan di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngumpulkeun dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat sangkan dipikawanoh ku masarakat tur dijadikeun bahan ajar di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

- 1) Mikawanoh dongéng naon waé anu aya di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat.

- 2) Mikawanoh struktur dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat.
- 3) Mikawanoh ajén atikan karakter dina dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat.
- 4) Mikawanoh cara ngararancang bahan pangajaran maca dongéng dumasar kana panalungtikan di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh jeung kabeungharan sastra Sunda hususna dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik

Bisa nambahan pangalaman tur pangaweruh ngeunaan sastra Sunda hususna dongéng anu aya di Kacamatan Ngamprah.

- 2) Pikeun widang atikan

Dongéng-dongéng nu kapaluruh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP.

- 3) Pikeun masarakat umum

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep sangkan masarakat wanoh kana dongéng ti lemburna sorangan hususna masarakat Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré kawijakan pikeun kamekaran dunya atikan, dimana dongéng-dongéng nu kakumpulkeun téh bisa dilarapkeun minangka bahan alternatif dina kagiatan pangajaran, hususna dina pangajaran basa Sunda.

1.4.4 Mangpaat Isu Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan bisa méré informasi ngeunaan sastra Sunda nya éta dongéng pikeun masarakat, hususna masarakat di Kacamatan Ngamprah

Kabupatén Bandung Barat tur bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtik satuluyna.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu skripsi téh ngawengku lima bab, anu runtuyanna nyaéta Bab I Bubuka ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung mangpaat panalungtikan. Bab II medar ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku tiori dongéng, ulikan struktural, ajén atikan karakter, sarta pangajaran. Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, metode panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur atawa galur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data. Bab IV medar ngeunaan hasil panalungtikan Dongéng-dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat anu satuluyna dianalisis dumasar ulikan struktural jeung ajén atikan karakter sarta milih dongéng pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar maca dongéng di SMP. Anapon dina Bab V medar ngeunaan kacindekan jeung saran tina panalungtikan anu geus dilakukeun.

